American Cancer Society®
Every cancer. Every life.®

Esè klinik Pou Tretman Kansè

Etid klinik yo se etid rechèch ki teste nouvo medikaman ak tretman kay moun ki chwazi patisipe. Etid klinik ede nan jwenn nouvo ak pi bon fason pou anpeche, depiste, ak trete maladi. Etid klinik kansè ede syantifik ak doktè yo aprann si yon nouvo tretman san danje ak efikas pou moun ki gen kansè. Tretman kansè ke yo itilize jodi a te teste toudabò nan esè klinik yo.

Kijan esè klinik yo fèt

Etid klinik yo fèt nan faz, soti nan Faz 1 rive nan Faz 4. Chak faz kolekte enfòmasyon sou sekirite tretman ak ki jan li byen mache.

Pifò moun ki dakò pou yo patisipe nan yon esè klinik kansè ap nan yon esè Faz 3. Yon esè Faz 3 konpare yon nouvo tretman ak tretman estanda (tretman ki pi souvan itilize pou kèk tip kansè). Si nouvo tretman an travay pi byen, li souvan vin estanda a.

Moun ki nan esè klinik yo gen yon ekip ekspè k ap pran swen yo. Ekip la ap siveye moun ki nan esè an de prè pou wè kijan y ap pwogrese. Sa ka gen ladan plis vizit klinik ak tès laboratwa ke nan yon tretman estanda.

Risk ak benefis ki genyen nan yon esè klinik

Patisipe nan yon esè klinik gen kèk risk. Chèchè yo pa toujou konnen si nouvo tretman an ap mache oswa kisa tout efè segondè yo ta ka ye. Pifò efè segondè yo disparèt avèk le tan, men gen kèk ki ka dire lontan. Gen kèk efè segondè ki ka grav tou. Y ap enfòme w sou nenpòt risk ki koni anvan w dakò patisipe nan yon esè klinik.

Ka genyen benefis tou. Lè w nan yon esè klinik sa ba ou plis opsyon tretman. Ou ka jwenn yon nouvo tretman ke ou pa t kapab jwenn otreman. Tretman sa a ka pi an sekirite oswa mache pi byen pase tretman estanda. Gen kèk moun ki renmen konnen tou ke sa yo aprann nan esè klinik la ta ka ede lòt moun alavni.

Deside si pou ou patisipe nan yon esè klinik

Anvan w deside patisipe nan yon esè klinik, chèche konnen tout sa w kapab sou tretman an ak sa w dwe fè. Doktè rechèch la oswa enfimyè an pral eksplike a kisa pou atann epi pale avèk ou sou risk ak benefis ki genyen nan yon esè klinik.

Yo pral ba ou tou materyèl pou egzamine. Ou gen dwa pou jwenn materyèl sa yo nan lang prefere w.

Ou ta ka vle pale ak manm fanmi w epi zanmi ou fè konfyans anvan w deside. Asire w ke doktè rechèch la oswa enfimyè a reponn nenpòt kesyon oumenm oswa pwòch ou genyen.

Si w dakò pou w nan esè klinik la, yo pral ba ou yon fòm konsantman ekri pou li ak siyen. Asire w ke w konprann enfòmasyon yo ba ou yo. Pa pè poze kesyon si yon bagay pa klè oswa si ou gen nenpòt enkyetid.

Se chwa w pou w patisipe – oswa rete nan – yon esè klinik. Ou ka chwazi pou kite esè a nenpòt ki lè pou nenpòt ki rezon, epi toujou jwenn swen ou ta p resevwa si w pa t chwazi patisipe nan yon esè klinik.

Kesyon pou poze

Gen anpil bagay ou ka vle konnen anvan ou dakò patisipe nan yon esè klinik. Ou ta ka vle mande doktè rechèch la oswa enfimyè a:

- Poukisa etid sa a ap fèt?
- Pandan konbyen tan mwen pral nan esè klinik la?
- Chak kilè yo dwe wè m?
- Ki kote mwen ta dwe ale pou tretman ak tès?
- Ki efè segondè mwen ta ka genyen ak tretman sa a? Kijan yo pral jere yo?
- Ki moun mwen ta dwe rele si mwen gen pwoblèm?
- Èske m ap gen pou peye nenpòt bagay?
- Ki lòt opsyon tretman kansè mwen yo?
- Kisa ki pral rive si mwen deside pa nan esè klinik la?
- E si mwen dakò pou m nan esè klinik la epi chanje lide m?

Ou ka gen lòt kesyon ki baze sou tip tretman yo ofri w nan yon esè klinik. Aprann otan ke w kapab sou nenpòt esè klinik ki enterese w pou w ka fè chwa ki pi bon pou ou an.

Glosè

Konsantman enfòme: Lè yon moun ak founisè swen sante yo pataje enfòmasyon pou moun nan ka deside si li vle resevwa kèk swen, tretman, oswa sèvis. Sa nesesè anvan yon moun patisipe nan yon esè klinik.

Faz 1: Yo teste nouvo tretman pou verifye sekirite l epi pou chèche konnen ki dòz ki pi bon san li pa lakòz efè segondè grav.

Faz 2: Yo teste nouvo tretman pou wè si li mache kont kèk tip kansè.

Faz 3: Yo konpare nouvo tretman ak tretman estanda pou wè kisa ki ta ka mache pi byen pou kèk kansè. Nan moman sa a, chèchè yo pa konnen ki tretman ki pi bon. Kidonk, apeprè mwatye moun ki nan esè klinik la jwenn nouvo tretman an epi lòt mwatye an jwenn tretman estanda. Yo toujou fe chwa sa owaza (ke yo rele randomize).

Faz 4: Yo etidye nouvo tretman sou yon tan ki pi long pou aprann sou sekirite alontèm ak kijan li mache byen. Faz sa a fèt apre nouvo tretman an apwouve pou itilize nan kèk tip kansè.

Tretman estanda: Tretman ki pi souvan itilize pou kèk tip kansè.

Pou plis enfòmasyon ak sipò, vizite sit entènèt Sosyete Kansè Ameriken (American Cancer Society) nan **cancer.org/haitiancreole** oswa rele nou nan **1-800-227-2345**. Nou la lè w bezwen nou.

©2025, American Cancer Society, Inc.
No. HAI084605 Rev. 4/25

BBB ACCREDITED CHARITY
bbb.org/charity